

Mande'm de Fòs ak Mosyon!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram pratik sou fòs ak mosyon.

Mande'm pou mwen pale'w de jwèt amizan ke mwen eksperimente ak bagay tankou ranp dlo ak tèt kap vire. Kijan mwen fè yo bouje? Mwen eksploré tou kijan pou mwen fè bagay ki bouje ale dousman, rete oubyen chanje direksyon. Mande'm pou mwen di'w kisa mwen aprann sou friksyon pandan ke mwen gen yon chosèt nan menm!

An nou dekouvri plis sou fòs ak mosyon ak aktivite ki pa anba.

Balon kap Bouje

Kisa ke ou bezwen:

- yon ti bou oubyen yon mab
- sizo
- tep
- tib katon ki soti nan papye twalèt, sèvyèt papye, oubyen papye anbalaj
- "Wout" fèt ak bann papye rèd 2" x 6" oubyen bwat sereyal ki pliye nan mwatye nan longè *
- yon chèz kwizin oubyen gwo bwat katon ki sèvi kòm yon baz kote ou ka sekirize tib ou yo ak ranp yo ak tep
- yon gramoun pou asiste

* Ou ka varye longè wout ou yo.
Fè eksperyans ak melanje wout ki pi kout e pi long!

Kisa pou fè:

Kreye yon chemen enteresan nan tib ak ranp pou yon boul oubyen mab vwayaje ansanm soti nan tèt chèz la oubyen bwat ou a nan pati anba a.

1. Chwazi yon kote ki anlè a pou vin pwen depa epi yon pwen nan pati anba a pou vin pwen final la.
2. Sèvi ak yon tep, pozisyone e sekirize tib yo ak tren an plas ant kòmansman ou ak pwen final yo, pou ke yon boul lage nan tèt bwat la oubyen chèz la pral vwayaje, pètèt ale retou, evantyèlman rive nan pwen final la anba. Chemen depann de ou!
3. Sekirize tib ou yo ak tren yo youn nan yon moman, lage boul la nan tèt chak fwa ou pozisyone yon nouvo moso tras, pou teste chemen li pran an.
4. Ajiste tib ou yo ak tren yo jan sa nesesè pou asire yon trajè kontinyèl depi nan kòmansman rive nan fen an.

Yon pati nan pwosesis konsepsyon ak jeni an enplike ajisteman ak ajiste plan oriijinal ou. Pèseverans se kle siksè. Si ou echwe premye, dezyèm ak twazyèm fwa a, kontinye eseye!

Si ou reyisi ak yon sèl konsepsyon tras, aby tèt ou defi ou pou kreye yon lòt chemen! Petè eseye ajoute yon seksyon ki monte tou! Gade pou wè ki kote imajinasyon'w ap menen'w!

